



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 125 MILYON DOLA POU SOULAJMAN LWAYE PWOPRIYETÈ NAN ETA NEW YORK

*Finansman eta a pou ede pwopriyetè ke lokatè yo refize patisipe nan Pwogram Asistans Lwaye Ijans New York la oswa ki te libere ak aryere*

*Kounye a pwopriyetè yo ka aplike pou finansman an lè yo itilize Pòtay Asistans Lwaye Eta a*

***804 milyon dola asistans, plis pase 63,000 pèman ki apwouve pou pwopriyetè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, 125 milyon dola nan finansman eta a disponib kounye pou ede pwopriyetè ki pa t ka patisipe nan Pwogram Asistans Lwaye Ijans Eta New York la akòz yon egzijans federal pou lokatè yo patisipe nan pwosesis aplikasyon an. Pwogram Asistans Lwaye Pwopriyetè a (Landlord Rental Assistance Program) ki jere pa Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance) Eta a, epi k ap aksepte aplikasyon apati jedi 7 oktòb la, bay jiska 12 mwa lwaye ki aryere pou pwopriyetè ki pa kalifye pwogram ki finanse nan nivo federal yo paske pwopriyetè yo swa te refize ranpli yon aplikasyon oswa te libere rezidans lan ak aryere. Y ap bay pwopriyetè ki genyen ti pwopriyete a pwopriyete mwayen yo.

"Jwenn lajan soulajman pou pandemi an pou Nouyòkè yo, se te premye priyorite pou administrasyon m nan depi premye jou a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè ke pwogram asistans lwaye eta nou an te deja bay soulajman ki tèlman nesèsè pou plizyè dizèn milye Nouyòkè, men toujou gen anpil pwopriyetè ki pa kalifye ke pou soulajman sa akòz règleman federal yo ki bezwen èd nou tou. Finansman sa se yon zouti ki enpòtan pou konble eka sa epi ede plis Nouyòkè rekipere nan pandemi an."

**Senatè Brian Kavanagh, Prezidan Komite Lojman Sena a ak pwomotè pwojè lwa ki otorize nouvo finansman an, te deklare,** "Depi nan kòmansman pandemi an, nou te angaje pou asire tout Nouyòkè yo pwoteje pou yo pa pèdi kay yo ak chaj alontèm pou dwe aryere lwaye akòz difikilte COVID-19 la lakòz. Moratwa kont ekspilyon ak sezi a ak Pwogram Asistans Lwaye Ijans lan te deja ofri anpil soulajman epi n ap kontinye pouse pou amelyore efikasite inisyativ sa yo. Nouvo finansman eta a pou peye aryere lwaye ki pa t kalifye pou peye dapre pwogram ERAP federal la finanse a demontre angajman nou pou yon apwoch vrèman konplè. Li espesyalman enpòtan ke pwopriyetè byen ke lokatè yo te kite apatman yo apre plizyè mwa san yo pa t ka peye lwayeyo ap kalifye kounye a pou pèman, k ap asire ke dèt lwaye ki pa peye yo nan

peryòd sa p ap kontinye chaje ni pwopriyetè ni lokatb a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontini li pou asire ke Nouyòkè yo jwenn soulajman yo bezwen epi merite ak pou sipòte finansman sa, epi mwen remèsye chak moun nan administrasyon an ki te travay pou mete pwogram sa sou pye epi ap fonksyone."

Pwopriyetè ki kalifye yo dwe poside inite ki lwe pou omwen 150 pousan lwaye mache ekitab la oswa pi ba pou kote yo ye a epi li dwe gen aryere lwaye ki akimile ki dokimante apre 1ye mas 2020, ke yon lokatè dwe ki swa te libere inite a oswa te refize patisipe nan Pwogram Asistans Lwaye Ijans lan. Yo bay priyorite ak pwopriyetè ki posede yon bilding ki gen 20 oswa pi piti inite epi ki aplike nan 45 premye jou dat ouvèti pwogram nan ki se jedi 7 oktòb la.

Pwopriyetè ki te aplike nan pwogram asistans lwaye eta a ka ranpli yon aplikasyon pou finansman eta a atravè kont ki egziste yo a nan [pòtay anliy](#) lan oswa kreye yon nouvo kont si yo pa t ko fè sa deja. Asistans lan se moun ki premye vini, ki premye sèvi, epi li fèt espesyalman pou aryere ki akimile apre pandemi COVID-19 la nan mwa mas 2020. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou paj [otda.ny.gov/lrap](https://otda.ny.gov/lrap).

"Finansman siplemantè eta a ap bay asistans ki byenvini pou pwopriyetè sa yo ki te rete deyò nan soulajman federal la akoz yon fòt yo pa komèt", **Komisè Egzekitif Adjwen OTDA, Barbara Guinn, te deklare.** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li te rekonèt bezwen sa epi sekirize finansman enpòtan eta a."

Mwa ki pase a, Gouvènè Hochul te siyen an lwa yon moratwa kont ekspilsyon rezidansyèl jiska 15 janvyè 2022. Lwa a rezève 125 milyon dola pou ede pwopriyetè yo ki gen lokatè ki refize patisipe oswa ki te kite kay la avèk aryere yo.

Anplis, Gouvènè Hochul te voye yon lèt mwa pase a bay Depatman Trezò Ameriken an (U.S. Treasury Department) pou mande finansman siplemantè pou Pwogram Asistans Lwaye Ijans New York la akoz balans li ap bese ak yon demann kontini pou èd nan tout eta a.

Jiska prezan, pwogram nan te apwouve plis pase 63,00 pèman dirèk bay pwopriyetè yo, ki bay yon total 804 milyon dola asistans. Eta New York te anfaje oswa te peye kounye 1.8 milya dola nan asistans lwaye, ki klase eta a premye eta nan nivo nasyonal nan finansman obligatè epi pami lidè nan pèman dirèk, dapre Kowalisyon Lojman Nasyonal pou Revni ki Ba (National Low Income Housing Coalition), ki swiv mizanplas ERAP la eta pa eta. ERAP Eta New York la bay lokatr yo pwoteksyon kont ekspilsyon menm si yon pwopriyetè pa bay enfòmasyon ki nesèsè pou fè yon pèman oswa refize aryere yo bay yo.

###